

Chè fanmi,

Èske w genyen yon timoun fèt an 2017? Si wi, ou pral aplike pou kindergarten ivè sa a.

Aplikasyon kindergarten lan poko kòmanse, men se pral nan yon ti tan ankò. Men sa w ka fè kounye a pou prepare:

- Chaèche konnen ki pwogram ki pou sektè (zoned) pitit ou a (si gen yonn) lè w rantre adrès kay ou nan [schoolsearch.schools.nyc](https://schoolsearch.schools.nyc.gov/).
- Krewe yon kont [MySchools](https://my.schools.nyc.gov/) epi eksplòre lekòl primè yo kote w ka chèche yo nan [MySchools directory](https://my.schools.nyc.gov/directory/).
- Ale sou pwòp sitwèb lekòl yo pou jwenn plis enfòmasyon sou yo. Gen chak sitwèb lekòl nan paj MySchools li.
- Ale nan jounen pòt ouvèt! Tcheke sitwèb lekòl yo oswa kontakte yo dirèkteman pou konnen si y ap fè nenpòt aktivite vityèl oswa anpèsòn. Vizite yon lekòl yo sou entènèt oswa anpèsòn se yon fason vityèl oswa anpèsòn se yon bon fason pou imajine kòman li ta ka ye pou ale la.

Nou ankouraje tout fanmi Vil Nouyòk ki gen timoun ki fèt an 2017 pou aplike. Menmsi pitit ou a nan yon pwogram pre-K kounye a, asire w aplike nan kindergarten.

Ou vle jwenn plis enfòmasyon? Ale sou [sitwèb admisyon Kindergarten](https://www.schools.nyc.gov/parents/faq) nou an pou gade lis videyo nou an, ki gen plizyè leson sou MySchools. Ou toujou gen kesyon? Rele nou nan 718-935-2009 oswa ale nan [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](https://www.schools.nyc.gov/parents/fwc) ki bò lakay ou a.

Avèk respè,

Ekip pou admisyon nan lekòl primè

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon kindergarten nan schools.nyc.gov/SignUp.

Si w pa vle resevwa imèl ankò nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou koupe abònman an.